# ОПУБЛИКОВАТЬ СТАТЬЮ

## *в изданиях НИЦ "Социосфера"*




ПОДРОБНЕЕ

## СОЦИОСФЕРА

- *Российский научный журнал*
- *ISSN 2078-7081*
- *РИНЦ*
- *Публикуются статьи по социально-гуманитарным наукам*




## PARADIGMATA POZNÁNÍ

- *Чешский научный журнал*
- *ISSN 2336-2642*
- *Публикуются статьи по социально-гуманитарным, техническим и естественно-научным дисциплинам*

ПОДРОБНЕЕ




ПОДРОБНЕЕ

## СБОРНИКИ КОНФЕРЕНЦИЙ

- *Широкий спектр тем международных конференций*
- *Издание сборника в Праге*
- *Публикуются материалы по информатике, истории, культурологии, медицине, педагогике, политологии, праву, психологии, религиоведению, социологии, технике, филологии, философии, экологии, экономике*

16. Рябчиков, С.В., 2013. Грифон как идеологический символ (скифы, сарматы, меоты) // Вісник Міжнародного дослідного центру «Людина: мова, культура, пізнання», № 34(3), с. 8-14.
17. Рябчиков, С.В., 2021. Скифо-сарматские надписи о боспорском царе Аспурге // Rjabchikov, S.V. The Saved Archives: Part 6. (Chapter 1.) Krasnodar, с. 3-31.
18. Соломоник, Э.И., 1959. Сарматские знаки Северного Причерноморья. Киев.
19. Compareti, M., 2006. Iconographical notes on some recent studies on Sasanian religious art (with an additional note on an Ilkhanid monument, by Rudy Favaro) // Annali di Ca' Foscari, v. XIV(3), pp. 163-200.
20. Ricl, M., 2002. The cult of the Iranian goddess Anāhitā in Anatolia before and after Alexander // Živa antika, v. 52(1-2), pp. 197-210.

# БЕРДАҚ ҒАРҒАБАЙ УЛЫНЫҢ МИЙРАСЛАРЫ

**Д. А. Пирназарова**

*Тьютор, Қарақалпақ мәмлекетлик университети,*
*г. Нукус, Каракалпакстан, Узбекистан*

**Summary.** The article deals with the main works and poems of the poet Berdakh, which appeared when studying his works.
**Keywords:** poem; epic; heritage; words; poet.

Бердақ бабамыздың дөретиўшилиги XIX әсирде жасаған қарақалпақ халқының бийбаҳа алтын ғәзийнеси, әдебий ҳәм тарийхый естелиги болып қалды, себеби оның өз заманындағы жәмийетлик өмирдиң барлық тәреплерин сөз еткен әжайып лирикаларындағы, тарийхый – эпикалық дәстанларындағы баян етилген ел-халық традициялары менен тәжрийбелери ҳәм де турмыс салт-дәстүрлерин жыйнастырғанда оның дөретиўшилиги бизиң ушын баҳасы жоқ тарийхы, этнографиялық дерек болыўы даўсыз.

Әлбетте, усы орынларда қарақалпақлардың 1873 жылы Россияға қосылыўының унамлы ҳәм унамсыз тәреплериниң де Бердақ шайырға тәсири туўралы айтпай өтиўге болмайды. Қарақалпақ халқының Россияға қосылыўына болған ҳәрекетлери бир пүтин халықтың екиге бөлиниўине алып келди ҳәм усы процесс халықтың бирлигине, оның бир тутас миллий сана сезимлериниң алға раўажланыўына тәсирин тийгизди. Бул жағдай Бердақ сыяқлы алдыңғы қатарлы дөретиўши халық ўәкиллериниң көз-карасларының еки тәреплемелигин туўдырғаны сөзсиз. Усыған қарамастан елде қарақалпақлардың да пүткил Хийўа ханлығының Россияға қосылыўы менен мәдений раўажланыўдың, күнделикли күн көрис дәрежесине, медициналық ҳәм билимлендириўдиң алдыңғы дәўирлерге салыстырмалы түрде алға илгерилеўине мүмкиншиликлер ашқаны анық. Буларды, әлбетте, Бердақ шайыр өз көзи менен көрмей, еситпей қалған емес [1].

Қарақалпақ жеринде патша Россиясының колониялық дәўири басланады. Бул патша Россиясына қосылған жерлер Әмиўдәрья бөлими деп аталады.

Патша Россиясына өткеннен соң Әмиўдәрьяның оң жағалығындағы қарақалпақлар еки уездлик шөлкемлестириледи. Биреўи Шораханда (ҳәзирги Төрткул) екиншиси алды менен Нөкис елатлы пунктинде, соңынан Шымбайга көшириледи. Шымбай уезди он еки болыслыққа бөлинеди. Негизинде Россия ҳәмме қарақалпақларға бийлигин Шорахан уезди арқалы әмелге асырған. Шораханда бес болыслық (Сарыбий, Шаббаз, Бийбизар, Қыпшақ ҳәм Тамды) бар еди. Булар арқалы патша Россиясы Петр I, Александр II Индияны басып алып, Хинд океанына шығыў планын сызады. Сол планды әмелге асырыў ушын Петро Александровск қаласын әскерий база етип қурады. Қалада Оренбургтан әкелинген тас гербиштен салынған еки қабатлы әскерлер жасайтуғын казармалар қурылған. Гербиш ҳәм басқа қурылыс материаллары Оренбург-Аралск арқалы, кейин Арал теңизи, Әмиўдәрья арқалы параходлар менен алып келинген. Петр I заманында Россия дүньяда ең күшли армияға ийе еди. Сол жылларда Петро-Александровск архитектуралық жақтан сулыў, европалы Россия мәдений үлгилерге жуўап беретуғын әжайып қала болған. Онда көп әскерлер орналасқан. Патша ҳүкимети халықтың ден саўлығын сақлаў мақсетинде Шаббазда емлеўхана, Нөкис, Шымбай да медпунктлер пайда етти. Оларда рус халқының врачлары, медицина хызметкерлери хызмет етти. 1890 жылы Шораханда, Шымбайда рус-жергиликли мектеплери ашылды [2] .

Әлбетте, бул фактлердиң барлығы қарақалпақлардың XIX әсирдиң ақыры, XX әсирдиң басындағы турмысы, социаль жәмийетлик раўажланыўы ушын үлкен әҳмийетке ийе болған өзгерислер еди. Солай болса да Қарақалпақстанның жаңа дәўири, Россияға қосылғаннан кейин елде прогрессив түрдеги бир қанша өндирис орынлары ашылды, олар иске түсип, биринshiден халық айлық пенен тәмийнленетуғын жумысқа ийе болса, екинши тәрептен сол ашылған заводлар арқалы халықтың аўзына ас-дуз келип қуйылды десек те болады. Атап айтқанда қарақалпақлар Россияға қосылғаннан кейин Мойнақта, Тербенбесте кишкене болса да балық заводлары иске түскен айырым ис билерменлер өсип шығып, басқа қалаларға барып саўда ислеўди үйренип (мысалы, Лепес), сол орынлардан ун, қант, шай ҳәм тағы басқа азық аўқатлық затларды жергиликли орынларға әкелип сататуғын болған, айырым бөлеклерин қәўендерсиз, жарлы, қәмбағал инсанларға аз муғдарда болса да үлестирип те берген. Бул туўралы жазыўшы К. Мәтмуратовтың жаңа идеялық эстетикалық принципте дөретилген «Тербенбес» романында орынлы жазылған.

Қарақалпақ халқының ярымы болса да Россия империясының қол астына өтиўи бир қанша прогрессив әҳмийетке ийе болды, елде парахатшылық турмыс орнады, ең баслысы кулшылық өмир қәлпи биротала бийкар етилди. Демек, усылардың барлығынан Бердақ шайыр сол жылларда жасы елиўге шамаласып қалған жеке шахс сыпатында да хабардар болып, мүмкин ол өзиниң барлық шығармаларындағы ашық айдын түрде

билдирилген Хийўа ханлығына қарсы идеялық эстетикалық принциплерди, ой-пикирлер менен образларды Айдос бий, Ерназар алакөз образларындағы батырлық пенен мәртлик қәсийетлерди тийкарынан турмыстан, сол туўрысындағы әдебий қаҳарманлардың прототиплерин ең алғаны менен, ал белгили дәрежеде Россия патшалығына, оның қүдиретли күшине арқа суйеп жазбады ма екен деген пикир туўылыўы тәбийғый. Себеби оның «Излер едим» қосығындағы мынадай қатарлар тегин айтылмаған [3]:

Ақылы кәмил, илими зор,
Билимли ел болмайды қор,
Бахыт ушын силтесе жол,
Орысыятты излер едим.

Демек бундай қатарлардағы, сондай-ақ көплеген лирикалық шығармалардағы өз дәўириниң қарама-қарсылықларын, зорлық зомбылығын, әсиресе салық сиясатын объективлик пенен реалистлик тереңлик пенен сүўретлеў принциплериниң өткирлесиўи, мүмкин. Бердақтың уллы Рус патшалығына арқа сүйеп, оларға исеним билдирип отырып дөреткен қатарлар, ой-пикирлер болса керек. Бул көркемлик идеялық эстетикалық принциплер шайырдың «Шежире», «Хорезм», «Амангелди», «Айдос бий», «Ерназар бий», «Кулен болыс» тарийхый – эпикалық шығармаларында дәуир конфликтлер ашықтан-ашық сүўретлеў, халық ушын туўылған қаҳарман ул перзентлердиң әдебий образларын дөретиўдеги батыл концепциялар, сүўретлеў усыллары менен көркемлеў қуралларының да өткирлесиўин усы бағыттан, заманның, халық тарийхындағы жаңа өзгерислер процессиниң Бердаққа тийгизген унамлы тәсиринде туўылған деп есаплаўға туўра келеди.

**Библиографик рўйхат**


1. Курбанбаев Б. Бердақ ҳәм өзбек әдебияты. Ташкент: Фан, 1982.
2. Пахратдинов Ә. Бердақтың дәстанлық шығармалары. Нөкис: Билим, 1994.
3. Тойшыбаева С. Қазақ-қарақалпақ әдебиятларының байланысы. – Сб. Казахская литература и её интернациональные связи. Алма-Ата, 1973.

# СРОЧНОЕ ИЗДАНИЕ МОНОГРАФИЙ И ДРУГИХ КНИГ




*Два места издания Чехия или Россия.*
*В выходных данных издания будет значиться*
**Прага: Vědecko vydavatelské centrum "Sociosféra-CZ"**
*или*
**Пенза: Научно-издательский центр "Социосфера"**




**РАССЧИТАТЬ СТОИМОСТЬ**

- Корректура текста
- Изготовление оригинал-макета
- Дизайн обложки
- Присвоение ISBN




# У НАС ДЕШЕВЛЕ

- Печать тиража в типографии
- Обязательная рассылка
- Отсулка тиража автору